

Anons

Dat: 11 Me 2018

Pou: Otorite Jeneral; Swasanndis Otorite Rejyonal; Prezidans Jeneral Oksilyè; Prezidan Pieu, Misyon, ak Distri; Evèk ak Prezidan Branch; Prezidans Kowòm Ansyen; ak Prezidans Sosyete Sekou, Jènjan, ak Jènfi pieu ak pawas.

Soti nan: Depatman Prètriz ak Fanmi an (801-240-2134)

Sijè: Kesyon adisyonèl yo souvan poze sou sèvis pastoral avèk Kowòm Prètriz Mèlchizedèk ak Sosyete Sekou ranfòse

LEGLIZ
JEZIKRI
POU SEN
DÈNYE JOU YO

Atachman ki nan lèt Premye Prezidans la “Sèvis pastoral avèk Kowòm Prètriz Mèlchizedèk ak Sosyete Sekou ranfòse” a, ki date 2 Avril 2018 la gen yon kantite kesyon ak repons pou ede nou fè chanjman yo te anonsé yo nan konferans jeneral Avril 2018 la.

Gen lòt repons pou kesyon adisyonèl yo nan anons sa a. Nou ajoute kesyon ak repons sa yo sou paj kesyon yo souvan poze yo nan ministering_lds.org.

Sèvi avèk Kowòm Prètriz Mèlkisedèk ak Sosyete Sekou ranfòse

Kesyon adisyonèl yo souvan poze, 11 Me 2018

LEGLIZ
JEZIKRI
POU SEN
DÈNYE JOU YO

Kowòm ak Sosyete Sekou

1. Èske konsantrasyon sou kowòm ansyen ak Sosyete Sekou yo ranfòse wòl evèk la ak konsèy pawas la?

Wi. Evèk la se gran prêt k ap prezide a epi 1 “bay lòt dirijan nan pawas yo direksyon ak konsèy” (*Manyèl Enstriksyon 1,2.1.1*). Li revize tout tach sèvis pastoral yo epi 1 apwouve yo. Sou direksyon evèk la, konsèy pawas la kontinye nan wòl esansyèl li pou “ede chak moun bati temwayaj yo, resevwa òdonans sali yo, kenbe alyans yo, ak vin disip konsakre Jezikri” (*Manyèl Enstriksyon 24.4*). Kowòm ansyen ak Sosyete Sekou ranfòse yo—ki reprezante pa prezidan pa yo, ki se manm konsèy pawas la—ap ogmante efikasite konsèy sa a.

2. Nan ki kowòm manm prezidans tanp, prezidans misyon, ak prezidans sant fòmasyon misyonè yo apatni?

Frè sa yo se manm kowòm ansyen ki nan pawas yo a.

3. Nan yon pieu, èske gran prêt k ap sèvi nan prezidans branch yo se manm kowòm gran prêt la?

Non. Gran prêt k ap sèvi nan prezidans branch ki fè pati pieu yo a, yo pa manm kowòm gran prêt la. Manm kowòm gran prêt yo se sèlman moun ki gen apèl nan prezidans pieu, nan episkopa, nan gran konsèy, ak kòm patriyach an fonksyon, sa ki se yon obligasyon pou yo se gran prêt.

4. Èske ansyen k ap sèvi nan episkopa yo (paregzanp, nan yon pieu jèn adilt selibatè) se manm kowòm gran prêt la?

Non. Ansyen k ap sèvi nan episkopa yo pa manm kowòm gran prêt la.

5. Èske prezidans kowòm ansyen yo ta dwe vizite oubyen fè entèvyou avèk manm kowòm yo chak ane (gade nan *Manyèl Enstriksyon 2, 7.3.2*)—anplis entèvyou sèvis/entandans chak twa mwa a?

Wi. Kòm yon pati nan responsablite jeneral yo, prezidans kowòm ansyen yo dwe fè entèvyou avèk manm kowòm yo konsènan tout responsablite prètriz yo—enkli byennèt detantè prètriz la, madanm ni, ak fanmi li—omwen yon fwa chak ane. Entèvyou sa yo ka fèt pandan tout ane a. Entèvyou sa a pa ta dwe fèt an menm tan avèk entèvyou sèvis la kote yon konpayon prezan tou.

6. Kiyès ki ka ede prezidans kowòm ansyen ak Sosyete Sekou yo akonpli travay sali a?

Prezidans kowòm ansyen ak Sosyete Sekou yo ka òganize kèk manm pou ede yo akonpli travay la si nesesè. Paregzanp, yo ka aple kèk manm pou dirije ak ede nan travay tankou sèvis, travay tanp ak istwa familyal, pataje levanjil la, ak antrèd.

7. Èske yon pawas ka gen plis pase yon kowòm ansyen oubyen plis pase yon Sosyete Sekou?

Wi. Nan espri Doktrin ak Alyans 107:89 la, lè yon pawas gen yon gwo kantite detantè prètriz Mèlkisedèk ki aktif, dirijan yo ka òganize plis pase yon gress kowòm ansyen. Nan ka sa yo, chak kowòm yo dwe gen yon kantite manm ki balanse selon laj, eksperyans, ak ofis yo nan prètriz la ak fòs yo. Menm prensip sa yo aplike pou Sosyete Sekou tou.

Sèvi

8. Kijan sèvis pastoral ka aplike pou manm kowòm gran prêt yo?

Sou direksyon evèk yo, ki se gran prêt k ap prezide nan pawas la, manm kowòm gran prêt yo ak fanmi yo dwe gen frè ak sè kowòm ansyen ak Sosyete Sekou ki dwe gen tach pou sèvi yo.

Paske prezidans pieu yo ak episkopa yo responsab tout manm ki nan pieu oubyen pawas la, an jeneral, yo pa dwe asiyen frè sa yo a dè moun espesifik ni a fanmi espesifik. Yo gen dwa bay manm gran konsèy yo ak patriyach ki an fonksyon yo tach, baze sou sikontans lokal yo, selon jan prezidan pieu a detèmine. Si pou yo ba yo tach, se prezidan kowòm ansyen an ki dwe ba yo li sou direksyon evèk pawas yo a.

Anplis lòt responsabilite empòtan yo genyen yo, tankou gran prêt prezidan, ak jij an Izrayèl, evèk yo gen yon responsabilite presi, ansanm avèk konseye yo, pou yo pran swen jèn yo. Doktrin ak Alyans 107:15 di, “Episkopa a se prezidans prètriz [Aawon] an, epi l detni kle ak otorite prètriz sa a.” *Manyèl Enstriksyon 1,2.2*, a deklare: “Manm episkopa yo dwe veye sou jènjan ak jènfi yo nan pawas la epi nouri yo.”

Se konsa tou, prezidan pieu a, ki se gran prêt prezidan pieu a, se “dirijan espirityèl prensipal nan pieu a” (*Manyèl Enstriksyon 1*, 1.1.1) epi li “prezide sou travay sali a” (*Manyèl Enstriksyon 1*, 1.1.2).

9. Èske prezidan kowòm ansyen ak Sosyete Sekou yo ka aple lòt konseye adisyonèl pou ede yo nan sèvis pastoral la?

Non. Yon prezidan gen de konseye. Si dirijan yo twouve ke yo bezwen èd adisyonèl, yo ka chita avèk evèk yo an konsèy pou konn si pou yo aple yonn oubyen plis sekretè pou sèvis pastoral. Sekretè sèvis pastoral sa yo ka gen tach, paregzanp, pou yo prepare orè entèvyou sèvis yo, epi pou yo ede prepare yon rapò entèvyou chak twa mwa.

10. Ki wòl kowòdonatè ak sipèvizè sèvis pastoral yo genyen?

Nou pa dwe fè apèl pou kowòdonatè ak sipèvizè sèvis ankò. Moun ki te aple nan pozisyon sa yo ta dwe relve.

11. Kiyès ki dirije entèvyou sèvis yo?

Chak manm nan prezidans kowòm ansyen ak Sosyete Sekou yo ka fè entèvyou sèvis yo. Menm nan gwo pawas yo, dirijan yo ap twouve ke entèvyou yo pratikab lè chak manm nan chak prezidans fè kèk entèvyou chak semèn. Entèvyou pou sèvis pastoral yo pa bezwen long pou yo ka efikas.

12. Ki lè nan chak twa mwa yo dirijan yo dwe fè entèvyou sèvis pastoral yo?

Entèvyou sèvis pastoral yo ka fèt e yo ta dwe fèt *nepòt jou* nan chak twa mwa sa yo—epi nou pa dwe kite 1 pou jis dènye semèn oubyen dènye mwa nan trimès la. Si dirijan yo fè entèvyou yo regilyèman, y ap vin wè ke yo ka akonpli objektif esprityèl ak tanporèl sèvis pastoral la.

Fè jèn yo patisipe nan sèvis pastoral la.

13. Èske jènjan yo ak jènfi yo ka gen tach pou yo sèvi avèk konpayon ki aje?

Wi. Direksyon ki nan nouvo dokiman “Prevansyon ak Aksyon kont Abi” a pèmèt pou konpayon aje ka sèvi avèk jèn moun. Nou pa dwe konsidere “Sèvis pastoral” la kòm yon “aktivite” oubyen yon “klas,” jan yo di nou nan direksyon sa yo.

Dirijan yo dwe itilize bon jijman enspire lè yap asiyen jèn yo kòm konpayon sèvis pastoral. Konpayon aje yo dwe evite sitiyasyon moun ka mal entèprete. Yo dwe pran prekosyon nan sitiyasyon izole avèk jèn yo, pou jèn yo ka santi yo an sekirite epi pou yo ka fè yon bon eksperyans avèk sèvis pastoral la. Epitou, nou dwe aplike sajès pou nou pa asiyen jèn yo nan fwaye difisil oubyen sitiyasyon familyal ki difisil.

14. Èske tout jènfi nan Abèy ak Loreyòl yo dwe gen tach pou yo fè sèvis pastoral?

Nou ta dwe envite jènfi nan Abèy ak Loreyòl yo pou yo sèvi. Paran yo ak dirijan yo dwe fè konsèy avèk chak jènfi, epi lè lè a rive pou 1 kapab sèvi epi 1 dispoze pou 1 sèvi, yo ka ba 1 tach pou 1 fè sèvis pastoral. Jènfi yo dwe sèvi kòm konpay sè Sosyete Sekou yo.

15. Kiyès ki bay jèn yo tach pou yo fè sèvis pastoral?

Avèk apwobasyon evèk la, yon manm nan prezidans Sosyete Sekou a bay jènfi nan Abèy ak Loreyòl yo tach pou yo fè sèvis pastoral. Epi, avèk apwobasyon evèk la, yon manm nan prezidans kowòm ansyen yo bay prèt yo ak enstriktè yo tach pou yo fè sèvis pastoral.